# НУР

6+

ISSN 0207-6551

1

2021



# «НУРЫМ» СОХЪУЭХЪУ

Мы дунеишхуэм нэхъыфIу, нэхъ дахэу, нэхъ гурыфIыгъуэу щыIэр сабийм я гъэсэныращи, ар «Нур» журналым и къалэн нэхъыщхьэщ. Абы нэхъ къалэнышхуэ лъэпкъым и пщэ дэлъкъым.

Журналым и лэжьакIуэхэм сывохъуэхъу фэ ди щIэблэм щIэныгъэ, дэрэжэгъуэ, гурыфIыгъуэ яIэу къэгъэхъуным хуэвлэжьыр минкIэ бэгъуауэ сабийхэм ялъысыну, абы фэри зыдэвузэщIыну.

Сурэтыщl
*БГЪЭЖЬНОКЪУЭ Заурбэч*




## «НУР» ЖУРНАЛЫМ И ЛЭЖЬАКIУЭХЭМ Я ХЪУЭХЪУ

**Дыгъэм и щIэжьей цIыкIухэ! Дахэр, захуэр, екIур, фIыр фи плъапIэу, фи щIэныгъэм фелIалIэу, екIуу цIыхум фахэту фыкъэхъуну дохъуапсэ. Илъэсыщlэ дызыхыхьам гуфIэгъуэ куэд къывиту, фи ехъулIэныгъэхэмкIи «Нур» журналыр вгъэбжьыфIэну тхьэм жиIэ.**

*Аброкъуэ Беллэ, редактор нэхъыщхьэ*

**Тхьэм фи насып тригъакIуэ. Хъуэпсапlэ дахэхэр тхьэм къывбгъэдилъхьэ, фи гур хигъахъуэу, фи акъылым зригъэужьу.**

*Хьэлилэ Миланэ, сурэтыщI*

**Нур цIыкIухэ, куэд щIауэ фызыпэплъэ илъэсыщIэр хьэщIэ лъапIэу къытхуеблагъэри ди бжэщхьэIум къыфIэкIащ.**

**Адыгэ щIэблэр фыгурыхуэу, фи адэ-анэм федаIуэу, дыгъэ нурыр фи телъхьэу, хабзэм фрителъхьэу, фыдахэу, дахапIэр фи плъапIэу, гъащIэм и IэфIыр зыхэфщIэу тхьэм фыкъытхуигъэхъу!**

*Къашыргъэ Фатимэ, корректор*

**Ди ныбжьэгъу цIыкIухэ, сынывохъуэхъу илъэсыщIэмкIэ! Фи гум илъ псори къывэхъулIэу, фи нэр зыхуэплъэм фи лъэр нэвгъэсу, фIыуэ феджэу, фи адэ-анэхэм я гур хэвгъахъуэу, узыншагъэ быдэ фиIэу тхьэм фыкъигъэхъу!**

*Пщынокъуэ (Расторгуевэ) Нусэ, журналыр компьютерым изылъхьэ*

# Си пщIыхьхэр

*ТХЬЭГЪЭПСО Фатимэ* сурэтыщI-псысэус хьэлэмэтщ, «Нурым» ди ныбжьэгъущ. ИлъэсыщIэмкIэ къыбэхъуэхъуу и лэжьыгъэщIэхэр тыгъэ къыфхуещIри, и пщIыхь сурэтхэм фэ цIэ фIэфщыж











# Адыгэбзэм и пшыналъэ

*Сурэтыщl **ЦРЫМ Руслан** адыгэбзэм хуилэжьыр мылъкушхуэщ. И сурэти, и тхыгъи пшыналъэщ. Ахэр тегъэщlапlэ хуэтщlащ мы лэжьыгъэхэм.*

## Ц-м и пшыналъэ



**Щауэ lэпщацэр,**
**Пщащэ lущыцэр,**
**Мыщэ бэлацэр,**
**Джэду нэlуцэр,**
**Бажэ кlэ бацэр,**
**Хьэвшыр лъэбыцэр,**
**Шыщlэ натlацэр,**
**Джэд плъыжь лъэкъыцэр,–**
**Хэт къуацэ хуэплъэу,**
**Хэт чыцэ хэплъу,**
**Хэт бацэ щlэплъу**
**Къауцым телъу**
**Хэтщ си «Ц»-усэм,**
**«Цыц!..»-жи, уеlусэм.**

## Цырыцу Цы

ЦЫ→
пэ
бэ
фlэ
ншэ
джэ
пэтхъу
фэнд
пх
плъ
ху
пщl
дж
рхъ
кlуэкl
лъэ
къан

хъыр
щхьэ
пащlэ
нэжьгъу
lэпщэ
жыглы
лъэхъ
жьэ
гъур
къау
къазы
бжьэху
←Ц

ба
гуар
къы
къуа
чы
хьэцэпэ
lэпща
пащlа
бэла
нэlу
лъэбы
лъэкъы
lущы
хьэlу
←ЦЭ

## Цырыцу Цы-м ехьэлIа лэжьыгъэхэр

*а) Псалъэ къэтхьахэм (**Ц, Цы, Цэ**-мкIэ) къарыкIыр зэвгъащIэ;*
*б) Цым ехьэлIахэр плъыжькIэ къэфтхъыхь;*
*в) Мэзым ехьэлIахэр щIыхукIэ къэфтхъыхь;*
*г) Щхьэцым ехьэлIахэр удзыфэкIэ къэфтхъыхь.*

## З-м и пшыналъэ

**Мэз, дэз, щIэз, къуэз,**
**Хэз, гуэз, фIэз, гъуэз,**
**Щыз, Iуз, пыз, къуз,**
**Из, бжьиз, нэз, къаз.**

*а) ПсынщIэу фыкъеджэу зевгъасэ бзэгъэбзэрабзэм;*
*б) Щымыщ псалъэу тIу хэтщи къэвгъуэти щIэфтхъэ;*
*в) Куэд къэзыгъэлъагъуэхэр – плъыжькIэ, гъунэ, мащIэ къэзыгъэлъагъуэхэр щIыхукIэ къэфтхъыхь.*



**Зыуэ зэуэ зууэ зоуэ,**
**Зууэ зоуэ, зэхэзоуэ,**
**Зэхэзоуэ, зэхэзокIуэ,**
**ЗэхэзокIуэ, зэхэзоплъэ.**
**Зэхэзоплъэ, зэхэзопхъуэ,**
**Зэхэзопхъуэ, зэхэзожэ,**
**Зэхэзожэ, зэхэзохуэ,**
**Зэхэзохуэ, хозэрыгуэ,**
**Хозэрыгуэ, хозэрыхъэ,**
**Хозэрыхъэ, хохъэрахъэ,**
**Хохъэрахъэ, хозэрыхь,**
**Хозэрыхь, хоунэзыхь.**

- *Бзэгъэбзэрабзэм хэт глаголхэхэм префиксхэр зэрапыувахэм фыкIэлъыплъ.*

# Iыхьлыхэр, благъэхэр

**Iыхьлы, лыджанэ** – родственник по крови
**благъэ** свойственник
**адэшхуэм и адэ** – прадед
**адэшхуэ** – дед (дедушка)
**адэ** – отец
**анэшхуэм и анэ** – прабабушка
**анэшхуэ** – бабушка
**анэш** – семья, дом матери, родственники матери
**анэ** – мать
**къуэ** – сын
**къуэм и къуэ** – внук
**къуэм ипхъу** – внучка
**пхъу** – дочь
**пхъум и къуэ** – внук
**пхъум ипхъу** – внучка
**къуэш** – брат
**шынэхъыжь, къуэш нэхъыжь** – старший брат
**шынэхъыщIэ, къуэш нэхъыщIэ** – младший брат
**шыпхъу сестра**
**шыпхъу нэхъыжь** – старшая сестра
**шыпхъу нэхъыщIэ** – младшая сестра
**дэлъху** – брат
**адэ къуэш** – дядя
**анэ дэлъху** – дядя
**адэ шыпхъу** – тётя
**анэ шыпхъу** – тётя
**къуэрылъху** – внук (внучка)
**пхъурылъху** – внук (внучка)
**нысэ** – сноха, невестка
**малъхъэ** – зять
**щыкъу** – семья родителей жены
**щыкъу адэ** – тесть
**щыкъу анэ** – тёща
**щыкъу щIалэ** – шурин
**щыкъу хъыджэбз** – свояченица
**тхьэмадэ** – свёкор
**гуащэ** – свекровь
**адэ къуэшым е анэ шыпхъум и къуэ** – двоюродный брат
**адэ къуэшым е анэ шыпхъум ипхъу** – двоюродная сестра
**пщыкъуэ** – деверь (брат мужа)
**пщыпхъу** – золовка (сестра мужа)
**зэмалъхъэгъу** – свояк (свояки: мужья сестер)



Зыгъэхьэзырар *ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ*

# Дыгъэ-щыгъэхэр илъэсыщIэ техьащ!



НафIэдзхэ Данэ (илъэсиплI), Ислъам (илъэситI)
Щхьэлыкъуэ



Гъубжхэ Даринэ (илъэситху), Дени (илъэсибл)
Нарткъалэ



Балэхэ Анзор, Адииху, Инармэс (илъэсиплI), Елмэс (илъэситI)
Мэзкуу



Борыкъуейхэ Артур, Лянэ, Мухьэдин (илъэсий), Ирадэ (илъэсибл), Нэдар (зы илъэс), Данэ (зы илъэс)
Дохъушыкъуей



ШЭРІУЖЬ Аслъэн

# Гъэм и хьэщІэ лъапІэхэр

*Махуэгъэпс усэ*

**Гъэ къэсыхукІэ, зэлъимыхьэу**
**Дэ къытхуокІуэ хьэщІэ лъапІэ.**
**Зыр щыщІэкІым зыр къыщІыхьэу,**
**Нэщі ямыщІ, зи, ди хэщІапІэ.**

**ЩІыгъуэщ щІышылэр илъэсыщІэм,**
**КъыкІэрыхукъым, япи ищкъым.**
**Мазэ пажэм зегъэхьэщІэр,**
**ЖьантІи кІуэркъым, куэдри щыскъым.**

**Зэрежьэжу япэ хьэщІэр,**
**ЩІым мазаер къыщопсыхыр.**
**Зигъэпхъашэу къытфІигъэщІми,**
**Уаем кІэщІу зеухыжыр...**

**Зэм дыгъафІэу, зэм щІыкІафІэу,**
**Зэм фэпыхуу щІымахуафэу,**
**НапщІэуфэу, ауэ гуапэу**
**Къос гъатхэпэр, гур дэхуабэу.**

**Мис, гъатхэпэм къыкІэлъыкІуэу,**
**Мэлыжьыхьыр къос ди щІыпІэм,**
**Къепсми дыгъэр, напІэзыпІэм**
**Пшагъуэм къохъу щызэхуищІыпэ.**

**ЛъэкІэ быдэу гъэр щыувыр,**
**Ар нэкъыгъэм и къэкІуэгъуэрщ.**
**Фащэ дахэр дунейм щыгъыу**
**Мазэ щхъуантІэр – зи дахэгъуэщ!**

**Мэкъуауэгъуэр, мис, къихьащи,**
**Ар гъэмахуэм хуохъур пщалъэ.**
**ХадэхэкІхэм хъун щІадзащи,**
**ФІыгъуэр хадэм къыщытпоплъэ.**

**Бадзэуэгъуэр къытхуэкІуащи,**
**Пхъэщхьэмыщхьэри гъунэжщ,**
**Псыхъуэр, гум пымыкІыу хъуащи,**
**ЦІыкІухэм псоми я ІутІыжщ.**

Шыщхьэуlур еуэу шхуэlум
Къосыр. Гъавэм хуэгунэщlщ.
Къихъуэр изу и lэгу бгъуфlэм,
Хади губгъуи еунэщl.

Зэщlэхъаеу и бэвыгъэр,
Къытхуздехь фокlадэм бжьыхьэр,
Изщ и кlадэм гъавэу щылэр,
Фоми тхъуми хэлъщ и lыхьэ.

Плъэмыкlам ипкlутэжыну,
Къэпха гъавэр уи гуэн лъэгу,
Еужьэрэкl зэщlэпкъуэжыну,
Тетщ жэпуэгъуэр уи бжэщхьэlу.

Къыщылъысым хьэмтетыгъуэр,
Къепщытэж и lуэху щакlуэгъуэм,
Хуэмыбжыжу я щхьэ бжыгъэр,
Яуфэбгъу псэущхьэм губгъуэр.

Лъэсу къокlуэр дыгъэгъазэр,
Мазэ псо ехь и зыгъазэм,
Ауэ щыхъукlэ, блэкlми мазэр,
Зэрихъуэкlкъым дыгъэр мазэм.

Мис апхуэдэу, ди щlэщыгъуэу,
Идохьэкlыр илъэс псо.
Дигъэгугъэу, дигъэгуфlэу
Дисщ и куэщlым щlым щыпсэур!



# ПЫIЭ ПЛЪЫЖЬ ЦIЫКIУ

**Шарль Перро**

Гуэри, жеIэ, къуажэ гуэрым зы хъыджэбз цIыкIу дэст, дахэ дыдэрэ абы нэхъ дахэ мы дунейм темыту. Анэм ар и нэм хуигъадэрт, нанэм ар и псэм пищIырт.

Къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу абы нанэ пыIэ плъыжь цIыкIу къритат. Абы лъандэрэ хъыджэбз цIыкIур дэнэ кIуэми пыIэ плъыжь цIыкIур щхьэрыгът.

Гъунэгъухэри абы къызэреджэр арат:

– Мес, ПыIэ Плъыжь цIыкIу къокIуэ!

Йоуэри зэгуэр мамэ хьэлывэ егъажьэри и пхъум жреIэ:

– ПыIэ Плъыжь цIыкIу, мы хьэлывэхэмрэ мы тхъу кхъуэщынымрэ хуэхьи нанэ деж кIуэ, и узыншагъэри зэгъащIи къэкIуэж.

Йожьэ ПыIэ Плъыжь цIыкIу нэгъуэщI къуажэ кIуэну, нанэ деж.

Мэзым щIэту здэкIуэм, занщIэу Дыгъужьым IуощIэ.

Щхъуэжьым и гурыIупсыр къожэ, ПыIэ Плъыжь цIыкIу ишхыну, арщхьэкIэ ирикукъым – мэзакIуэхэм я джыдэ макъхэр гъунэгъуу къоIури. Дыгъужьыр зэIурыбзаеу хъыджэбз цIыкIум къоупщI:

– Дэнэ укIуэрэ, ПыIэ Плъыжь цIыкIу?

ПыIэ Плъыжь цIыкIу иджыри ищIэртэкъым мэзым ущIэтыну, дыгъужьхэм уепсэлъэну зэрышынагъуэр. Абы фIэхъус ирех дыгъужьми жреIэ:

– Нанэ деж сокIуэ,– жи,– мы хьэлывэхэмрэ тхъу кхъуэщынымрэ хузохь.

– Жыжьэ уи нанэ щыпсэур?

– Гъунэгъукъым. Мес мо къуажэращ, щхьэлым уфIэкIмэ, къуажэбгъум деж япэ узыхуэзэ унэм щIэсщ.

– Хъунщ,– жи Дыгъужьым,– сэри слъагъунщ уи нанэр. Сэ мы гъуэгумкIэ сыкIуэнщ, уэ мобыкIэ накIуэ. Деплъынщ япэ нэсым.

Ар жиIэщ Щхъуэжьми, гъуэгу благъэм теувэри и къару къызэрихькIэ щIэпхъуащ. ПыIэ Плъыжь цIыкIу гъуэгу жыжьэм тету ежьэжащ. МакIуэ, мыпIащIэу зэзэмызэ къэувыIэрэ удз гъэгъа кърич, ахэр Iэрамэ дахэу зэхилъхьэу.

Ар щхьэлым нэсатэкъым, Дыгъужьыр нанэ и унэм бгъэдэлъадэу бжэм «тIыкъ, тIыкъ!» – жиIэу щытеуIуам.

– Хэт ар? – жи нанэм.

– Уи пхъурылъхуращ, ПыIэ Плъыжь цIыкIущ! – жи Щхъуэжьым макъ псыгъуабзэкIэ.– ХьэщIэу сыкъыпхуэкIуащ, хьэлывэрэ тхъу кхъуэщынрэ къыпхуэсхьащ.

Нанэ сымаджэу хэлът. КъэкIуар ПыIэ Плъыжь цIыкIу фIощIри нанэр къоджэ:

– КIапсэ цIыкIум екъуи бжэр езыр IукIынущ, си нэнау!

Дыгъужьыр кIапсэм екъури – бжэр IукIащ, абы унэм зыщIидзэщ аби, нанэр зэуэ зыIуридзащ.

Махуищкlэ мышхауэ мэжэщIалIэт ар.

Нанэр зыIуридза нэужь, бжэр хуещIыжри, абы и пIэм хогъуалъхьэ, ПыIэ Плъыжь цIыкIу пэплъэу. Мыгувэу ари къос аби, бжэм къытоуIуэ:

– ТIыкъ-тIыкъ! – жери.

– Хэт ар? – жи Дыгъужьым.
Ар макъей, макъ икlат.
Пыlэ Плъыжь цlыкlу къэгузэват, ауэ игу къэкlаращ: нанэ щlыlэ къеуэкlыу и макъыр икlауэ ара хъунщ.
– Ар сэращ, уи пхъурылъхуращ, – жи Пыlэ Плъыжь цlыкlу. – Хьэлывэрэ тхъу кхъуэщынрэ къыпхуэсхьащ.
Щхъуэжьым зегъэпсчэуlури макъ псыгъуэкlэ жеlэ:
– Кlапсэ цlыкlум екъуи бжэр езыр lукlынщ, си нэнау!
Пыlэ Плъыжь цlыкlу кlапсэм екъури – бжэр lукlащ.
Пыlэ Плъыжь цlыкlу унэм щыщlыхьэм, Щхъуэжьым шхыlэным зыщlигъапщкlуэри, къэджащ:
– А си нэнау, хьэлывэр lэнэм телъхьэ, кхъуэщыныр лъэщlэсым щlэгъэувэ, уэ къакlуи си гупэм къэгъуэлъ. Уеша мыгъуэ хъунщ.
Пыlэ Плъыжь цlыкlу Дыгъужьым и гупэ мэгъуэлъри, итlанэ йоупщl:
– Нанэ, уи lэхэр щхьэ мыпхуэдизу ин?
– Ар уэ нэхъ быдэу lэплlэ пхуэсщlын щхьэкlэщ, си нэнау.
– Нанэ, нтlэ, уи тхьэкlумэхэр щхьэ мыпхуэдизу ин?
– Нэхъыфlу зэхэсхын щхьэкlэ, си нэнау.
– Нанэ, нтlэ, уи нэхэр щхьэ мыпхуэдизу къиижрэ?
– Нэхъыфlу услъагъун щхьэкlэ, си нэнау.
– Нанэ, нтlэ, уи дзэхэр щхьэ мыпхуэдизу ин?
– Нэхъ псынщlэу усшхын щхьэкlэ, си нэнау!
Пыlэ Плъыжь цlыкlум «ай!» жиlэну хунэмыс щlыкlэ, Дыгъужьыр епхъуэщ аби, и бэщмакъ цlыкlухэри и пыlэ плъыжь цlыкlури дэкlуэу зыlуридзащ.
Ауэ нанэмрэ нэнаумрэ я насыпти, а дакъикъэм мэзакlуэхэр, я джыдэхэр я дамэм телъу а унэмкlэ блэкlырт.
lэуэлъауэр зэхахщ, ахэр унэм щlэлъадэщ аби, Дыгъужьыр яукlащ. Абы и хьэныбэжьыр зэгуагъэжри, абы къикlыжащ Пыlэ Плъыжь цlыкlур, абы и ужь иту нанэжьри – тlуми лажьи хьати ямыlэу.

Зэзыдзэкlар ***НАЛО Заурщ***





Дыгуэрлы  Алим



Архэст Алинэ



Щауэхэ Рахьманрэ,
Рахьимрэ

## КЪЕБЛАГЪЭ, 2021 ГЪЭ!

Жэмтхьэлэ дэт япэ курыт еджапIэм и етIуанэ классым щеджэ сабийхэм илъэсыщIэ сурэт ящI



Фрий Алан



Мусуковэ Миланэ



ТхьэкIумащIэ Камилэ



Къэгъэзэж Камилэ

Цlыкlураш

# ЗЫДОГЪАЩIЭ, ЗЫДОГЪАСЭ

*Ар и фlэщыгъэцlэу **БЕКЪАН Масирэт** сабийхэм зэрызрагъэужь тхылъ къыдигъэкlащ. Абы ит лэжьыгъэхэм щыщ тыдодзэ.*

## 10 – пщIы бжыгъэр зыдогъащIэ

Зэгъащlэ: бгъум къыкlэлъыкlуэр пщlыщ. Ар зэратхым еплъ.

Хьэндырабгъуэхэр тlурытlу къэтхъыхь.
Гуп дапщэ хъуа ахэр? Жэуап пэжыр зэрыт плlимэр удзыфэу лэ.



4

5

6

Джэдыкlипщl зэрылъ матэ цlыкlур къащlэ. Ар гъуэжьыракъым. Ар тхьэмбылыфэракъым. Ар удзыфэракъым. Дэтхэнэра тlэ? А матэ цlыкlум дамыгъэ + тегъэувэ.



Тепщэчым илъ хадэхэкI зэхэупщIэтар къызыхэщIыкIахэр ихъуреягъкIэ къыщыгъуэт. Абыхэм зэреджэр къэщIэж. Жэуап пэжхэм я сурэтхэр къэрэндащкIэ къэтхъыхь.



ХадэхэкIхэм щыщ нэхъыбэ дыдэ фалъэм ешалIэ, абы къыкIэлъыкIуэр – пэгун цIыкIум, нэхъ мащIэр – тепщэчым.



Щоджэн Леонид зэхилъхьа къуажэхьхэм я жэуапыр мы напэкIуэцIым къыщыгъуэт.



Щымыгъум – тхьэгъу,
Щыгъуам – щыгъэ.

Зыгъэхьэзырар ***БЕКЪАН Мэсирэтщ***

«Нур еджакlуэ-2020»
**зэпеуэм нэгъабэ щытекlуахэм журналым тыгъэ яхуищlащ Щlыхь тхылъхэмрэ сабийхэм я сурэтхэр зытет кумбыгъэхэмрэ. Ехъулlэныгъэ филэу мы илъэсыр ефхьэкlыну дывохъуэхъу псоми!**

**Редакцэм къыщыфщтэж хъунущ фи саугъэтхэр. Ди адресыр ищlагъымкlэ тетщ.**




*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 1 2021 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 19.01. 2021 г.
Выход в свет 28.01. 2021 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC,
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 3170 экз.
Заказ № 63
Индекс П 5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.